# Ministrler Keńesi Baslıǵı Qaxraman Sariyev puqaralardı qabıl etti

Búgingi kúnde xalıqtıń jasaw sharayatın jaqsılaw, olarǵa qolaylı imkaniyatlar jaratıw menen birge mashqalaların hár tárepleme úyreniw hám onı nátiyjeli saplastırıw baslı máselege aylanǵan.

Image not found or type unknown

22-noyabr kúni Ministrler Keńesi Baslıǵı Qaxraman Sariyev óz mashqalaları menen kelgen puqaralardı qabıl etti. Onda puqaralar tárepinen kredit alıw hám subsidiya ajıratılıwına, turaq-jay menen támiyinlew máselesi boyınsha múrájat etti.

Image not found or type unknown

Bildirilgen múrájatlar boyınsha tiyisli taraw qánigelerinen maǵlıwmatlar alınıp, hár tárepleme tallaw jasaldı hám unamlı sheshim qabıl etildi.

Image not found or type unknown